**Coronavirus CivActs Campaign (CCC)** सँ सरकार, सञ्चार माध्यम, संघसंस्था आ आम नागरिक बिचक सूचनाके दुरी कम कएक देशभैरसं संकलन कएलगेल हल्ला, नागरिकक जिज्ञासा आ प्रश्नसभ संकलन कए तथ्य पत्ता लगाएक आम नागरिकके सूचित करैत अछि । एहिसं आम नागरिकक आवश्यकताके पहिचान करवाक साथे हल्लासभहक कोनो नकारात्मक असर पहुचावस पहिलेहि सान्दर्भिक तथ्य आम नागरिक सभमे प्रवाह कए जोखिम न्युनिकरण करैत अछि ।

## CCMC निर्देशक समितिके १० महत्वपूर्ण निर्णयहरू

### स्वास्थ्यमे सरकारी खर्च (कुल राष्ट्रिय बजेटमे)



**६.५%**

(९० अर्ब ५९ करोड)

### स्वास्थ्य ईलाजमे व्यक्तिगत खर्चके अनुपात



**४४%**

### प्रति १ लाख जनसंख्यामे स्वास्थ्यकर्मीके संख्या



**४४५०**

### प्रति १ लाख जनसंख्यामे चिकित्सकके संख्या



**८५**

स्वास्थ्य क्षेत्रके बजेट वितलाहा वर्ष सँ करिब २२ अर्ब सँ बढ्ला सँ वितलाहा वर्षके तुलनामे स्वास्थ्य ईलाजमे व्यक्तिगत खर्चके अनुपात १०.४% सँ घट्के लक्ष्य राखलगेल छै । लेकिन, चिकित्सकके संख्या देखला सँ अखनो तक पर्याप्त नै देखाईत छै । कम्तिमे सेहो ११७६ आदमीके एककोई चिकित्सक के देख परतै, जै बात सँ नागरिकके स्वास्थ्य सेवामे सहज पहुँच पुगाबवला बातमे अपनासभ अखनो पाछु छी से बात उजागर करैछ अछि ।

स्रोत: https://cutt.ly/mu71T6i

## नेपाल अपडेट



Bikalpa - an Alternative के समन्वयमे बिराटेश्वर बृद्धाश्रम आ पूर्वाञ्चल अनाथाश्रम के लेल सहयोग जुटारहल

तस्बिर: बसन्त अधिकारी

### परिक्षण

पिसिआर परिक्षण: १,९९,७३७

पोजेटिभ: ११,१६२

उपचाररत: ८,४८६

मृत्यु : २६






Source: https://covid19.mohp.gov.np/#/

# हल्ला र तथ्य



स्थानीय पूर्वाधार विकास साझेदारी कार्यक्रम अन्तरगतके सब रकम कोरोना रोकथाममे खर्च कर परतै कहादन ।

गाउँपालिका तथा नगरपालिकामे स्थानीय पूर्वाधार विकास साझेदारी कार्यक्रम अन्तरगत विनियोजन कएलगेल रकम मे सँ खर्च नै भक बचल रकम कोभिड - १९ के रोकथाम, नियन्त्रण, निदान आ ईलाज खर्च करत कहने अछि । अईके लेल प्रमुख प्रशासकिय अधिकृतके अपन पालिकामे विनियोजित भेल मे सँ बचल रकम यकिन कलक कार्यक्रम निर्देशक समिति संयोजक आ जिल्ला समन्वय समितिके जानकारी कराब परत । एना उपलब्ध भेल रकम कानून अनुसार खचए करब, हिसाबकिताब राखब तथा लेखा परीक्षण लगाएतके काजसभ कर परतै ।

स्रोत: https://mofaga.gov.np/uploads/notices/Notices-20200622150630172.pdf



निजि अस्पतालसभ कोरोना भाईरसके परीक्षण कमे मात्रे करैछै तैपर सँ फिस सेहो मंहगा लै छै कहादन ।

कोरोना भाईरसके परीक्षण करके अनुमती लेने निजि अस्पतालसभ सञ्चालन करहल प्रयोगशालाके न्युनतम दैनिक २०० कोईके परीक्षण कर सकके क्षमता होब परै छै । निजि प्रयोगशालासभ सरकारी प्रयोगशालासँ आएल नमुनाके मात्रे परीक्षण कर पायत । अई के बदले ओ अस्पतालसभ बिमारसँ कोनो फिस नै लेब पाओत । एहन अवस्थामे नेपाल सरकार प्रति नमुना अधिकतम रु. ५५०० सोध भर्ना करत ।

स्रोत: https://drive.google.com/file/d/1Bc-HEnAmzED_Zwg7taEmgq-Mb6azQ4Va/view



अखन बाहर निकलापर कोई भी मापदण्ड पालना केने नै देखाईत अछि । अईके लेल सरकार कोनो सजाय या दण्डके व्यवस्था नै केने छै ?

व्यवस्थित बन्दाबन्दीके समयके लेल सरकारद्वारा निर्धारण कएलगेल सुरक्षा मापदण्ड उल्लंघन करलापरर अत्यावश्यक सेवा ऐन, २०१४, संक्रामक रोग ऐन, २०२०, मुलुकी अपराध संहिता, २०७४ र स्थानीय प्रशासन ऐन, २०२८ तथा आरो प्रचलित कानून अनुसार कार्वाहि हितै । एकर अनुगमन स्थानीय प्रशासन करै छै ।

स्रोत: https://cutt.ly/XirCH8Q



अखन कुपोषण लागल धियापुताके ईलाज नै हेतै ?

कुपोषित धियापुताके स्वास्थ्यमे ध्यान दलक अई विषम परिस्थितिमे सेहो पोषण पुनर्स्थापना केन्द्र सेवा प्रदान करहल छै । ओहन पोषण पुनर्स्थापना गृहसभके जरुरतके एफ ७५, एफ १००, आरो खायबला तथा दवाईसभ यथेष्ट मात्रामे रहल सुनिश्चित कर परैत छै आ ओत भर्ना भेल धियापुताके नियमित निगरानी तथा देखभाल स्वास्थ्यकर्मीके कर परैत छै । निक भलक डिस्चार्ज भेल धियापुतासभके फोन मार्फत शुरुके महिनामे प्रत्येक सप्ताह, दोसर महिनामे १५/१५ दिनमे आ तेसर, चारम, पाँचम आ छठ्म महिनामे मासिक रुपमे फलोअप कर परत कहि अई सम्बन्धी निर्देशिका २०७७ जारी कलक सरकार लागु केने अछि ।

स्रोत: https://drive.google.com/file/d/1V5FRhbaTrcd1oE_Bf48FO7wII8UHjqY5/view

WhatsApp मार्फत हमरासभके विषयमे नियमित ताजा जानकारी पाब

१. आहाके कन्ट्याक्ट लिस्टमे +2760806146 एड करु
२. उपरका कन्ट्याक्ट नम्बरमे Nepal लिखक म्यासेज पठाउ






COVID-19 को बारेमा बुझ्न नि:शुल्क हटलाईन

viamo द्वारा प्रस्तुत

कोभिड - १९ सम्बन्धि मंगानियेमे जानकारी लेबके लेल आहाके NTC सिमकार्ड सँ ३२१०० मे डायल करु

accountabilitylab NEPAL

# Open Migration

## मुख्य गन्तव्य राष्ट्रमा रहेका नेपाली कामदार

| | साउदी अरव | कुवेत | बहराईन | कतार | युएई | ओमान | मलेसिया | दक्षिण कोरिया |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| नेपाली | ३,३४,४५१ | ७१,१९३ | २६,००० | ४,०६,९१७ | २,२४,९०५ | १७,०५७ | ५,००,००० | ३८,८६२ |
| संक्रमित | १,६७,२६७ | ४२,७८८ | २३,५७० | ९१,८३८ | ४६,५६३ | ३४,९०२ | ८,६०० | १२,५६३ |
| नेपाली संक्रमित | १,५०० | ६५० | ४४० | १०,००० | १,६०० | | ८९ | |
| मृत्यु भएका नेपाली | ९ | ३ | ३ | ७ | १९ | | | |



- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित नेपाली
- गन्तव्य राष्ट्रमा नेपाली जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा मृत्यु भएका नेपाली

स्रोत: https://coronavirus.jhu.edu/map.html
https://www.covid19.nrna.org.np/
https://publications.iom.int/system/files/pdf/mp_nepal_2019.pdf

ShramikSanjal

## नेपालमे छुट्टीमे छी ? यू.ए.ई.के भिषा छै आ यू.ए.ई.जाय चाहिरहल छी त,ई प्रकृया पुरा कएल जाउ:



१. सबसँ पहिले www.ica.gov.ae मे मांगल अनुसारके अपन सब विवरण भईर क पठबियौ । तेकरबाद ICA सँ अनुमती देलापर एकटा नंम्बर प्राप्त हेतै, जे बादमे टिकट लेब कालमे सेहो राख परै छै । लेकिन, दुबई ईमिरेट्स के भिषा छै आ ओतैके एयरपोर्टमे जेबै तब GDRFA के दोसर दिस सँ फारम भईर क स्वीकृती लेब ।



२. नेपालमे श्रम विभागसँ देलजायवला श्रम स्वीकृती अखनके लेल स्थगित कएल गेल छै । अईसँ पहिलेके श्रम स्वीकृतीके म्याद ३ महिनासँ बेसी छै तब मात्रे टिकट लेब सकै छी ।

३. यू.ए.ई.मे पुगलाके बाद अनलाईनसँ २ टा फारम भर परत । तै मे सँ एकटा क्वारेन्टाईनमे रहब आ निर्देशन पालना करब से छै त, दोसर स्वास्थ्य सम्बन्धी विवरणके लेल छै । ऊ फारम प्रिन्ट कलक यू.ए.ई.स्थीत एयरपोर्टपर बुझाब परै छै ।





४. एयरपोर्ट मे पि.सि.आर. परीक्षण अपने खर्चमे कराबके शर्तपर नमुना लेल जाईत छै । ओई नमुनाके परिणाम नै एलातक होम क्वारेन्टाईनमे रह परैत छै त, परिणाम पोजेटिभ एलापर फेरो १४ दिन होम क्वारेन्टिनमे रह परत ।

accountabilitylab NEPAL

# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

## संघिय सरकार

**जम्मा**

तिन पटक गरेर नेपाल सरकार अर्थ मन्त्रालय मार्फत छुट्याईएको

**करिब १ अर्व ४८ करोड**

कोरोना भाईरस जोखिम नियन्त्रण, रोकथाम तथा नियन्त्रण कोषमा जम्मा

**करिब २ अर्व २६ करोड**

**दाता**

ए.डि.बि.
करिव ३० अर्व ३३ करोड

विश्व बैंक
करिव ३ करोड ४८ लाख

आई.एम.एफ.
करिव १५ अर्व ८८ करोड

युरोपियन युनियन
करिव ९ अर्व ९४ करोड

**खर्च**

कोरोना भाईरस विरुद्धका गतिविधिमा नेपाल सरकारले गरेको खर्च स्वास्थ्य मन्त्रालयलाई निकासा

**करिब ४ अर्व १० करोड**

रक्षा मन्त्रालय मार्फत कोरोना रोकथाम र नियन्त्रणका लागि चाहिने स्वास्थ्य उपकरण खरिदको लागि

**२ अर्ब ३४ करोड निकासा**

## प्रदेश सरकार

| प्रदेश | प्रदेश १ | प्रदेश २ | बागमती प्रदेश | गण्डकी प्रदेश | प्रदेश ५ | कर्णाली प्रदेश | सुदुरपश्चिम प्रदेश |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| जम्मा रकम | करिब २९.४ करोड | करिब २६.६ करोड | करिब ४२.९ करोड | करिब १८.३ करोड | करिब १५.६ करोड | करिब २५.४ करोड | करिब ४२.५ करोड |
| खर्च गरिएको रकम | करिब १९.३ करोड | करिब १३.३ करोड | करिब १३.६ करोड | करिब १५.४ करोड | करिब ७.७९ करोड | करिब २३.९ करोड | करिब ३६.४ करोड |

## छानल गेल किछ स्थानीय सरकारद्वारा क्वारेन्टाईन व्यवस्थापनमे कएलगेल खर्च




सैनामैना नगरपालिका | घोराही उप-महानगरपालिका | बुटवल उप-महानगरपालिकाल | यशोधारा नगरपालिका | व्यास नगरपालिका | दुल्लु नगरपालिका

स्थानीय स्तरमे सञ्चालित क्वारेन्टाईन व्यवस्थापन आ कोरोना भाईरससँ प्रभावितके राहत वितरण करके जिम्मेवारी सम्बन्धित स्थानीय सरकारके देल गेल छै । एत, खर्चके सार्वजनिक करवला पालिकासभके अवस्थाके विश्लेषण कएलगेल छै । यद्यपी, ओकरासभके कएलगेल खर्चके पूर्ण सार्वजनिकिकरण आ तेकर परिणाम कि एलै तै बातके अभाव अखनो खटैक रहल छै । अव्यवस्थित क्वारेन्टाईन सम्बन्धी मिडिया रिपोर्टके आधार मानबै त, प्रति क्वारेन्टाईन व्यवस्थापनमे बहुते रकम खर्च भेल छै । तहिना कलक, क्वारेन्टाईन व्यवस्थापन सम्बन्धी शिर्षकगत जानकारी सेहो कमे स्थानीय सरकारसभ मात्रे सार्वजनिक केलक अछि ।

accountabilitylab NEPAL

# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

## छानल गेल स्थानीय सरकारद्वारा राहत वितरणमे कएलगेल खर्च ।
## एते बेसी खर्च किया ?

| स्थानीय तह | खर्च | राहत पाबवला घरदुवाईर | जम्मा घरदुवाईर |
|---|---|---|---|
| सैनामैना नगरपालिका | रू. ५१,८०,८३९ | ५,८७४ | १२,३९२ |
| घोराही उप-महानगरपालिका | रू. १८,१७,००० | ५,५४८ | ३५,२१४ |
| बुटवल उप-महानगरपालिका | रू. २,४४,२२,१०१ | २२,७०२ | ४३,०९७ |
| यशोधरा नगरपालिका | रू. २०,००,००० | २,२४३ | ५,४१३ |
| व्यास नगरपालिका | रू. ४८,१०,९७७ | ३,५९२ | १८,३३९ |
| दुल्लु नगरपालिका | रू. ५,४२,००० | २७१ | ८,१६४ |

उपरका ग्राफसँ जम्मा घरदुवाईरमे सँ स्थानीय सरकार सँ राहत पाबवला घरदुवाईरके प्रतिशत एकदमै बहुते छै से बात आसानी सँ हिसाब करल जा सकैत छै । सैनामैना आ यशोधारा नगरपालिका अपन पालिका भितरके ४०% सँ बेसी घरदुवाईर के राहत वितरण केने अछि । तहिना कलक, बुटवल उप-महानगरपालिका जम्मा घरदुवाईरके ६५% सँ बेसीके राहत बटने अछि । ई तथ्यांकसभ किछ अचम्भित करवला सनके अछि । जत हरेक दिन जेना संक्रमितके संख्या बढ़ीरहल अछि । एना देखलासँ नेपालके आरो उच्च प्रभावके सामना केनाई बाँकीए छै । अई पालिकासभमे रहल क्वारेन्टाईनमे रहिरहलसभके संख्याके तथ्यांकके आधारमे स्थानीय तह अपन तर्क दावि कर सकैय । लेकिन, कोरोना भाईरस सँ प्रभावित घरदुवाईरके संख्या आ राहत पाबवलाके संख्या देखला सँ सरकारद्वारा वास्तविक तथ्य सार्वजनिक नै केने अछि कि कहिक प्रश्नपर जोर दैत छै ।

नोट: हमरासभके उद्देश्य सरकारद्वारा कयलगेल बढिया काज आ छुट्याओलगेल बजेटके विषयमे सबके जानकारी होई आ तेकरबाद अई विषयमे नागरिक आ आरो सरोकारवालाके बीचमे बातचित भलक सरकारके पर्याप्त पृष्ठपोषण प्राप्त होई से अछि । एत प्रस्तुत विवरण पूर्ण नै छै । उपलब्ध माध्यमसँ संग्रह कलक राखलगेल अछि । आरो सही तथ्यांक संकलन कलक परिमार्जन करैत जायब । अईमे सबकोईके सहयोग क देब लेल आग्रह करैत छी ।

# भारतमे बन्धकमे परल एवम् बेचाएलगेल धियापुतासभ सेहो लकडाउनमे घर फिर्ता आबिरहल

उद्धार कएलगेल **५०%** धियापुता **१६** वर्षसँ नीचाके



भारत दिस मानव तस्करी होबवला घटना **५** वर्षम **पाँच गुणासँ** बढ़ल



हरेक वर्ष **१०** सँ **१५** हजार जनानी आ बचियासभ भारतमे बेचल जाईत अछि



**२६%** प्रभावितसभ (**१८** वर्षसँ कम उमेरके धियापुता) यौनशोषणके शिकार होईत अछि



सडक संजाल आ सीमानाका बन्द नै भेलातक प्रदेश २ के बहुतोरास जिल्लासँ भारतीय बजारमे निकृष्ट श्रम कराबवला गिरोह सक्रिय छलै । विद्यालयमे अध्ययनरत रहल बेरमे तस्कर गिरोहके नजरमे परल ई धियापुतासभ भारतीय बजारमे पुगाबला ओकरसभके अभिभावकके पहिलेहि १० हजार भारतीय रुपैयातक दैत छल । तस्करके जिम्मा लगौने अभिभावकसभ अपन बौवाबुचीके दू तीन दिन मे फिर्ता नै एलापर दिल्ली, मुम्बई लगाएतके शहरमे अपन धियापुता बन्धक रहल तथा बेचाएल शिकायत कर सिपाहीलग जाईत रहैछ छल । लेकिन ओकर सुनवाहि नै होईत छलै । मनुख्ख बेचबिखन मुद्धामे अनुसन्धान अधिकृतसँ निरन्तर सुनुवाइके मांग कर सकके प्रावधान रहलाके बादो पीडकसभ पकरल नै गेलातक न्यायिक सुनुवाहिमे समेत समस्या आयत से बहुतो अध्ययन सँ देखाईत अछि ।

## दलालके निशानामे दलित समुदाय

दलालसभके खास कलक दलित समुदायके धियापुताके निशाना बनाबमे सजिलो होईछै से देखाईत छै । शिक्षा तथा मानव स्रोत विकास केन्› भक्तपुरके अनुसार देशभैरमे दलित समुदायके २८ प्रतिशत धियापुता विद्यालयसँ बाहर अछि । चिडिमार, मुसहर आ डोम समुदायके त एक प्रतिशत सँ कम धियापुता मात्रे विद्यालय जाईत अछि । गरिबीके कारण ओकरासभके अपन धियापुताके रोजिरोटीके बहानामे आसानी सँ दलालके जिम्मा लगादैत अछि ।



## फिर्ता आबैत धियापुता

अखन कोभिड - १९ सँ बचके लेल बन्धकमे रहल, बेचायल आ ठकायल धियापुतासभ सेहो घर फिर्ता होब लागल अछि । निकृष्ट श्रममे लगाबवलासभके कारोबार ठप्प भेला सँ आ भाइरस सँ सेहो जान जाय लगलाके बाद दिल्ली, मुम्बई, चेन्नईसहितके शहरमे रहल धियापुतासभ पैदले स्वदेश फिर्ता भरहल अछि । जलेश्वरे के गोपाल पासवानके बेटा मुम्बईसँ घर फिर्ता आयल । विद्या( लयमे पढाई करहल ओई बच्चाके ओकर अभिभावक प्रलोभनमे पईरक मुम्बई पठेने छलै । लकडाउन नै होईतै त अपन अभिभावकके देखके सपना अधुरे रहैत से ओ युवा बतौलक अछि ।

## बेचाएलसभके तथ्यांक रखनाई जरुरी छै

एना फिर्ता आएलसभके यकिन तथ्यांक ककरोलग नै छै । जेना ३ बच्चासभ तस्करी भलक भारतीय बजारमे पुगल छल, तहिनाक ३ बच्चासभ राईतके अंधकारमे सीमानाकासँ नुकाक घर फिर्ता आयल अछि । लकडाउनके मौकामे घर फिर्ता आयल धियापुतासभके तथ्यांक संकलन करके उचित समय छै । अईके लेल स्थानीय तहसभ वडा कार्यालय मार्फत तथ्यांक संकलन कसकैत अछि । साथसाथे सरकारके पुनर्एकिकरण कार्यक्रममे अई समुहके प्राथमिकताके साथ रखनाई जरुरी छै ।

राकेश प्रसाद चौधरी

सही सूचना

# संक्रमितके संख्या कम भेल जिलासभमे सेहो पर्याप्त ईलाजकरवला संयन्त्र नै भेल देखाईत छै

## २०० कोई सँ बेसी संक्रमितके संख्या भेल जिलासभ




उपरका ग्राफमे नेपालमे २०० कोई सँ बेसी कोभिड – १९ सँ संक्रमित भेल जिलासभके देखाबैत अछि । अई जिलामे रहल अखन ईलाज करारहल संक्रमितके संख्या जम्मा ईलाज करारहल संक्रमितके संख्याके करिब ६८.५ प्रतिशत छै । जम्मा कोभिड – १९ के संक्रमणसँ निक होबवलामे सँ अई जिलासभमे मात्रे करिब ७० प्रतिशत रहल अछि । तहिना कलक नेपालमे कोभिड – १९ सँ मृत्यु होबवलामे जम्मा २४ कोईमे सँ १४ कोई सेहो ईहे जिलासँ छै । दूर्भाग्यवस, कोभिड – १९ सँ मरवला आरो आदमीसभ संक्रमणके प्रभाव कम भेल जिलासभसँ छै । अईसँ संक्रमितके संख्या कमे होईतो, स्वास्थ्य संयन्त्र प्रभावकारी नै भेलासँ आदमीसभ जान गुमारहल छै से देखाईत अछि ।

स्रोत: HEOC, MoHP, SitRep

**DISCLAIMER**

एहि अंकमे समेटलगेल हल्ला, सवाल तथा सूचनासभ, बहुतरास संस्था तथा आदमी, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेब पेज, सामाजिक सञ्जाल, ७ टा प्रदेशमे रहल कम्युनिटी फ्रन्टलाईनर्स (समुदायमे आगु आबिक काज करवलासभ) आ सिभिक एक्सन टिम (नागरिक कार्य समूह) द्वारा अहि मई महिना भितर २००० सँ बेसी आदमीसंगेके बातचितसँ संकलन कएलगेल अछि । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दलक हल्ला, सवाल तथा जिज्ञासासभ चयन कएलगेल अछि । अई अंकमे समेटलगेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल मितितक सत्य अछि ।

**Coronavirus CivActs Campaign** is brought to you by **Accountability Lab Nepal**.

accountabilitylab communities

@CivicActionTeams @civacts @CivActs